



## Fason pou Jere Anprend Nimerik Ou

Yon anprend nimerik se tout enfòmasyon ki egziste sou Entènèt la akoz aktivite ou regle anliy. Kèk nan aktivite sa yo se piblikasyon ou fè sou rezo sosyal, tchat, mesaj tèks, istorik navigasyon, imèl, acha sou entènèt, ak done lokalizasyon.

Men sa anprend nimerik ou kapab fè:

- **Ogmante risk pou w viktim magouy.** Moun k ap fè magouy ak fwod yo kapab itilize anprend nimerik ou pou yo sible w, fè tèt yo pase pou ou, oswa vòlè enfòmasyon w yo.
- **Rann li fasil pou ajans gouvènman yo ak move je oswa moun ki la pou kontwole moun siveye ou.** Pa egzanp, y ap konnen kote ou ye si lokalizasyon ou aktive oswa lè w "konekte" sou rezo sosyal yo.
- **Ogmante chans pou w viktim zak kriminèl.** Kriminèl yo itilize anprend nimerik moun pou sible yo epi atire yo nan sitiayson pou oblige yo fè travay fòse. Ekstremis ak lòt malveyan yo

kapab itilize anprend nimerik moun tou pou yo sible pou ka joure yo epi fè krim rayisman sou yo.

- **Fè enpak negatif sou dosye imigrasyon ou.** Jounen jodi a, fòk ou pataje kont rezo sosyal, non itilizatè/non prete ak lòt enfòmasyon nimerik lè w ap ranpli anpil aplikasyon imigrasyon moun itilize souvan, epi yo ka fouye aparèy elektwonik yo lè yon moun ap chèche antre nan peyi Etazini oswa lè Depatman Sekirite Enteryè kenbe moun sa a nan gadavi. Yo kapab itilize aktivite moun yo fè sou entènèt pou yo pran desizyon sou detansyon, depòtasyon, ajisteman estati, natiralizasyon, azil oswa lòt fòm èd pou imigrasyon.

## Fason ou jere anprent nimerik ou enpòtan anpil pou sekirite w, garanti w ak repitasyon w!

### 12 Konsèy pou Jere Anprent Nimerik Ou

1. **Pwoteje aparèy ou yo ak kont ou yo.** Asire w tout aparèy ou yo genyen yon modpas ki djanm ak otantifikasyon ki gen de faktè preferans. Otantifikasyon de faktè a se lè genyen de metòd otantifikasyon, tankou lè ou mete yon modpas plis yon kòd ou resevwa sou telefòn pòtab ou.
2. **Pa pataje enfòmasyon pèsonèl ou yo.** Pa bibliye non konplè w, adrès ou, nimewo telefòn ou ni lòt enfòmasyon pèsonèl ou yo sou entènèt, ak sou rezo sosyal yo.

Pa di kote ou ye a sou rezo sosyal yo.

Pa bibliye foto ki kapab idantifye kote w ye, kote w rete, kote w ap travay oswa lekòl ou frekante, tankou nimewo kay, pano nan lari, lisans, logo sou inifòm, elatriye.
3. **Fè kont ou yo prive.** Si w genyen kont reyinyon sou rezo sosyal, asire w yo prive. An jeneral, ou kapab fè sa lè w ale sou kont ou an, ou ale nan Paramèt oswa Konfidansyalite, epi ou asire w chwazi 'privé'.
4. **Siprime ansyen kont yo.** Si w p ap itilize yon kont ankò, siprime l. Menm jan tou, dezaktive estokaj cloud oswa kont sou nenpòt ansyen aparèy ou ka toujou genyen men ou itilize yon lè konsa.
5. **Dezaktive sistèm lokalizasyon w lan.** Pou w dezaktive jewolokalizasyon sou yon aparèy, ale nan paramèt aparèy la, ou jwenn jeneralman anba "Konfidansyalite," "Sekirite," oswa "Lokalizasyon". Answit, dezaktive Sèvis Lokalizasyon an pou w anpeche aplikasyon ak sèvis yo konnen kote ou ye.
6. **Limite sa w ap bibliye.** Pa bibliye twòp done pèsonèl sou entènèt.

Fè atansyon ak sa w ap bibliye piske moun ka mal entèprete yo oswa yo ka fè w gen plis risk pou yo sible w. Pa egzanp, lè w bibliye yon foto kote w ap bwè alkòl, kenbe yon zam, elatriye.
7. **Pa aksepte demann zanmi moun ou pa konnen voye ba ou.** Asire w aksepte demann zanmi moun ou konnen ou sèlman. Nenpòt moun kapab kache dèyè yon pwofil tankou

moun k ap fè magouy, trafik, ak  
moun k ap eseye siveye w.  
Depi se zanmi ou pa konnen,  
siprime yo sou kont ou yo.

- 8. Siprime materyèl ak aplikasyon ki sansib sou telefòn ak lòt aparèy ou yo.** Si w ap vwayaje aletranje, ajan Depatman Sekirite Enteryè yo ka fouye aparèy elektwonik ou yo nan pò antre yo lè w ap re-antre nan peyi Etazini. Siprime tout mesaj tèks, foto, aplikasyon ak lòt materyèl yo ka mal entèprete.
- 9. Kominike an tout sekirite.** Itilize aplikasyon komunikasyon ki kòde mesaj yo boutanbout tankou WhatsApp, Signal ak Telegram.
- Remak:** Byenke yo pi sekirize, menm platfòm mesaj kòde yo kapab kontribye nan anprent nimerik ou gras ak metadone ki estoke yo tankou avèk ki moun ou kominike epi ki lè w kominike avèk li, ansann avèk kontni w pataje tankou videyo, imaj ak enfòmasyon sou pwofil. Fè atansyon ak sa w ap di.
- 10. Fè atansyon lè w ap navege sou entènèt la.** Pa klike sou lyen ki sispek moun ou pa konnen voye ba ou ni pa ale sou sitwèb ki pa fyab piske yo kapab fè w pran virus fasil e menm rann li posib pou yo siveye w.

Bay sèlman enfòmasyon ki nesesè yo epi fè anpil atansyon ak sitwèb oswa aplikasyon ki mande plis enfòmasyon pèsonèl pase sa ki nesesè yo.

Efase kouki navigasyon w ak memwa kach ou regilyèman. An jeneral, ou kapab fè sa lè w ale nan Paramèt Navigatè w la, apresa Paramèt Konfidansyalite, apresa jwenn opsyon "efase done navigasyon" oswa yon opsyon ki sanble ak li.

- 11. Itilize yon telefòn pòtab tanporè oswa jetab.** Telefòn sa yo se jeneralman telefòn ki prepeye epi yo pa konekte ak yon kontak. Donk, yo pi fasil pou w itilize san w pa revele idantite w epi yo p ap ka suiv tras ou avèk yo. Men, si w ap itilize yon telefòn tanporè, bat pou w asire w moun ki bezwen kontakte w yo (asistan sosyal, avoka, elatriye) gen nimewo tounèf ou an. Pafwa, gen moun ki chwazi genyen de telefòn – yon telefòn tanporè pou aktivite anliy yo ak yon telefòn pèmanan pou yo rele pwòch yo epi voye mesaj enpòtan ba yo.
- 12. Itilize Kouvèti Kamera.** Itilize kouvèti kamera sou telefòn ak laptòp yo pou w bloke lantiy yo lè yo p ap sèvi. Sa kapab anpeche moun antre nan vi prive ou.